

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Puisi mantra nu kainvéntarisir di Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis jumlahna aya 107, hasil ngumpulkeun ti 19 narasumber nu réana ngawengku: 20 jangjawokan, 31 asihan, 10 ajian, 8 singlar, 27 jampé, jeung 11 rajah. Ieu papasingan mantra ditangtukeun dumasar téori Rusyana, anu ngabagi mantra dumasar kana fungsi atawa tujuan makéna mantra, sarta konsép Isnéndés anu ngabagi mantra dumasar kana tujuan, mahluk lemes, sarta sarat mibanda mantra.

Dina nangtukeun sampel panalungtikanana, nya éta ngagunakeun sistem perséntase. Data anu dipilih pikeun dianalisis nya éta 25% tina jumlah mantra tiap golongan. Anapon hasil perséntasena, ngahasilkeun jumlah mantra pikeun dianalisis anu ngawengku: 5 jangjawokan; 8 asihan; 3 ajian; 2 singlar; 7 jampé; jeung 3 rajah. Sampel nu dipilih téh mangrupa mantra anu strukturna (eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, citraan) bisa dianalisis sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA kelas X.

Unsur-unsur puisi mantra anu dianalisis tina sampel panalungtikan nya éta: (1) téks mantra, judul mantra, nomer mantra; jeung (2) analisis struktur mantra nu ngawengku: eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, sarta citraan. Purwakanti nu dipedar ngawengku: pangluyu, maduswara, cakraswara, laraspurwa, mindoan kawit, laraswekas, mindoan wekas, larasmadya, margaluyu, jeung mindoan kecap. Citraan nu dipedar nya éta citraan panénjo (*visual*), citraan pangruno (*auditif*), jeung citraan rasa (*taktil*).

Eusi mantrana réréana miboga tujuan anu hadé saperti pikeun kapunjulan, karahayuan, sangkan dipikaasih, nyageurkeun, nyinglar, jrrd. Basa anu digunakeun réréana ngagunakeun basa Sunda. Lian ti ngagunakeun basa Sunda, aya ogé nu pacampur atawa diwuwuhan ku basa séjén, saperti basa Sansekerta, Jawa, Arab, Kawi, Indonésia, jeung basa Cirebon. Anapon basa Sunda nu digunakeun dina mantra biasana lain basa Sunda sapopoé wungkul, tapi réréana

maké basa Sunda arkais, nya éta basa kuno nu geus jarang dipaké dina mangsa kiwari. Wangun jeung wirahma mantra nu dianalisis teu angger. Mantra nu dianalisis réana diwangun ku 6, 8, jeung 9 padalisan. Wirahma mantra polana henteu matok ogé, jumlah randegan unggal padalisan réana teu angger. Tapi, randegan nu réa kapanggih dina mantra mah nya éta anu 2 randegan, nu diwangun ku 8 engang, jeung paparoan wirahma nu réréana 4-4, 3-5, jeung 2-6. Purwakanti nu mindeng kapanggih dina mantra nu dianalisis, nya éta purwakanti maduswara (purwakanti vokal dina unggal padalisan). Citraan nu mindeng kapanggih dina mantra nu dianalisis, nya éta citraan rasa jeung citraan panénjo.

Puisi mantra nu geus dianalisis bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi (maca) puisi di SMA. Éta puisi mantra bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi lantaran nyumponan sababaraha kritéria nu geus didadarkeun di bab II jeung bab IV.

5.2 Saran

Sabada nyindekkeun hasil analisis puisi mantra, aya sababaraha saran pikeun sababaraha pihak saperti ieu di handap:

- 1) pikeun masarakat, puisi mantra di Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, mangrupa salasahiji karya sastra lisan, warisan karuhun urang baheula. Ku kituna, sangkan ieu warisan budaya teu leungit, kudu dijaga jeung dimumulé;
- 2) pikeun lembaga atikan, puisi mantra nu geus diinvéntarisir di Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, bisa dijadikeun bahan pangajaran dina widang sastra hususna dina widang aprésiasi puisi buhun;
- 3) pikeun lembaga pamaréntahan Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, ieu panalungtikan téh mangrupa hiji arsip nu kudu diperhatikeun, lantaran mangrupa dokuméntasi tina kabeungharan budaya nu bisa nambahan karageman sastra daérah.